

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Panalungtikan

Taun 2013 jagat sastra Sunda dieuyeuban ku medalna novel *Sabalakana* karangan pangarang ngora, Dadan Sutisna. Éta novel téh sok sanajan téma anu diwangunna sarua jeung karéréan novel nu kungsi medal saméméhna, tapi novel *Sabalakana* mah kawilang unik sabab diwangun ku fénomena-fénomena sosial anu kompleks, dibarung ku tokoh-tokoh nu boga watek mandiri.

Novel *Sabalakana* némbongkeun rasa marudah dina nyanghareupan kakacowan kaayaan sosial-budaya bangsa Indonesia. Konflik-konflik sosial, kamalaratan, modérenisasi, apatis, pangangguran, *kekerasan*, sarta krisis kapercayaan ka pamingpin kagambar dina novel *Sabalakana*. Hal éta mangrupa sawangan sarta gambaran idéologi Dadan Sutisna dina nyanghareupan kaayaan sosial kiwari. Dadan dina novel *Sabalakana*, nyoba-nyoba hayang kaluar tina konvensi-konvensi novel nu aya di dunya sastra Sunda, nu matak ieu novel dianggap pembaharu tur béda tina novel saméméhna.

Dadan Sutisna lahir di Sumedang, gedé di Kampung Pasirloa, Desa Kadakajaya, Kacamatan Tanjungsari. Mimiti daria ngarang prosa taun 1990. Prosa-prosana tuluy meunang pangbagea, malah saterusna dilélér sababaraha hadiah sastra dintarana dilélér Hadiah Sastra LBSS (Lembaga Basa jeung Sastra Sunda) jeung Hadiah pinilih Carpon pilihan majalah *Manglé* sarta Hadiah Jurnalistik Moh. Koerdi. Lian ti éta Dadan Sutisna gé ngarang carita barudak. Nu sanggeus dibukukeun—*Nu Ngageugeuh Legok Kiara* (2001), *Misteri Haur Geulis* (2003), *Rasih Kodeu Binér* (2010)—dilélér Hadiah Sastra Samsodi. Lian ti éta, *Sabalakana* nu mangrupa novel déwasa munggaran Dadan, asup nominasi Hadiah Sastra Rancagé 2014.

Ngajanggélékna karya sastra dina wangun puisi, prosa atawa drama moal leupas ti nu nyiptakeunana nya éta pangarang, sabab dina enas-enasna mah sastra téh mangrupa produk sosial. Hartina mangrupa rékacipta pangarang salaku anggota masarakat dina ngarékam gambaran kahirupan minangka hiji kanyataan

sosial, nu ngawengku hubungan antara individu jeung individu, individu jeung masarakat, masarakat jeung masarakat, sarta kajadian anu lumangsung dina batin hiji individu. Éta gambaran kahirupan téh gumulung dina karya sastra turta baris katangén dina wangun sastra, utamana dina génre prosa, nya éta novel.

Dina enas-enasna mah novel mangrupa wangun karya sastra nu bisa méré gambaran ngeunaan rohang jeung waktu katut paratokoh anu béda karakterna ditilik tina aspék sosiologi jeung loba ragamna. Paratokohna ngabogaan karakter séwang-séwangan nu patali jeung aspék-aspék kahirupan nu diéksprésikeun ku pangarangna.

Karya-karya dina wangun prosa saperti novel *dimanifestasi* ku pangarang ngaliwatan rupa-rupa kajadian kaasup rupa-rupa palaku. Dina novel, pangarang bisa laluasa ngadéskripsikeun konflik-konflik sarta ngahirupkeun karakterisasi dumasar kana gagasan jeung pangalaman lahiriah batinahna, nepi ka jadi hiji karya sastra anu boga ajén luhung. Kaayaan sosial anu digambarkeun ku pangarang dina karyana mangrupa hiji bukti ayana kajujuran.

Kajujuran bisa ngagambarkeun kondisi sosial anu karandapan. Analisis maksud tina karya sastra bisa ngajawab nepi ka mana karya sastra bisa jadi eunteung masarakat sosialna. Ku kituna, sawangan sosial pangarang dina karya sastra bisa jadi tatapakan dina nganalisis karya sastra. Kitu deui sawangan sosial Dadan Sutisna, katémbong dina novel *Sabalakana*.

Ngaliwatan karakter palaku anu unik tur béda-béda, Dadan nulis novel *Sabalakana* maké gaya anu has sarta dibarung ku humor, intrik, jeung satir. Teu matak hémeng saupama novel *Sabalakana* jadi wawakil gambaran masarakat sosial dina dunya sastra.

Nurutkeun pamadegan Tamsyah (1996, kc.11) sastra asalna tina basa Sanskerta, hartina buku pangajaran; élmu pangaweruh naskah; buku-buku suci. Kiwari éta harti téh jadi ngaheureutan. Anu kiwari disebut sastra nya éta karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa, boh lisan boh tulisan. Basa dina karya sastra dipaké (alat) pikeun ngahontal ajén-inajén éstétis (kaéndahan).

Sastra minangka salah sahiji lembaga sosial nu ngagunakeun basa salaku médiumna. Basa mangrupa ciptaan sosial nu ngébréhkeun gambaran kahirupan. Ulikan ngeunaan kahirupan masarakat ditalungtik ku Sosiologi. Sosiologi

mangrupa talaah nu ilmiah tur objéktif ngeunaan individu jeung masarakat, lembaga-lembaga, sarta prosés-prosés sosialna (Swingewood dina Faruk, 1994, kc.1).

Dina seuhseuhanna mah sosiologi téh taya patalina jeung sastra, sabab sosiologi mah mangrupa panginditan tina disiplin élmu humaniora anu medar perkara masarakat, katut lembaga jeung prosés sosialna, sedengkeun sastra mangrupa hasil rékacipta anu raket pisan patalina jeung masarakat. Nu matak kitu timbul istilah “sosiologi sastra”.

Sosiologi sastra minangka pamarekan anu neueul kana hubungan antara sastra jeung masarakat, anu dibahasna teu ngan saukur téks tapi ogé kontéksna. Sosiologi sastra nétélakeun gejala saluareun karya sastra anu jadi kontéksna saperti fénoména sosial, psikologi pangarang, idéologi, agama, budaya, jeung sajabana.

Pamarekan sosiologi mangrupa pamarekan nu dipiharep bisa ngabaladah kasang tukang munculna hiji karya sastra patali jeung situasi kondisi tempat gumelarna éta karya. Nurutkeun Damono (2013, kc.10) pamarekan sosiologi mibanda harti nu sarua jeung sosiologi sastra, nya éta pamarekan nu nimbang-nimbang aspék kahirupan masarakat, politik ékonomi sosial, budaya, réligi, jeung adat istiadat. Biasana pikeun mikanyaho kondisi sosial, tempat rupaning sistem jeung ajén-inajén nu raket patalina jeung kamasarakatan, nu sacara sadar atawa teu sadar dirékam dina hiji média nu mangrupa karya sastra bisa ngagunakeun pamarekan sosiologi.

Novel *Sabalakana* miboga masalah-masalah sosial anu kawilang jembar. Fakta carita nu nyampak dina ieu novel tangtu bakal kaguar nalika disalusur struktur karya sastrana. Lian ti éta, saupama ditalungtik leuwih gemet ngagunakeun pamarekan sosiologi sastra tur dipatalikeun jeung perspektif biografisna, bakal ngahasilkeun gejala-gejala sosial anu muncul.

Panalungtikan ngeunaan sosiologi sastra mémang geus réa dilaksanakeun, tapi panalungtikan ngeunaan sosiologi sastra nu museur kana biografi pangarang kawilang saeutik kénéh. Panalungtikan ngeunaan sosiologi sastra di antarana, ”Kajian Sosiologi Sastra kana Novel *Carios Agan Permas* Karya Joehana” (Amelia Fauziah, 2008), ”Analisis Komparatif Aspék Sosiologi Sastra

dina Kumpulan Carpon (*Murang-maring* jeung *Serat Sarwasatwa*) jeung *Novel (Sandékala* jeung *Déng*) Karangan Godi Suwarna” (Ari Andriansyah, 2010), ”Kajian Sosiologi Sastra kana Kumpulan Carpon *Oknum* Karangan Hadi AKS pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA (Tika Yuanita, 2011) jeung ”Aspék Sosiologi Sastra dina Kumpulan Carpon *Nu Harayang Dihargaan Karya Darpan*” (Arif Ali Abdilah, 2013).

Salian ti sawatara panalungtikan ngeunaan sosiologi sastra, panalungtikan kana novel *Sabalakana* karya Dadan Sutisna ogé kungsi dilaksanakeun, sanajan tina aspék anu béda, nya éta panalungtikan anu judulna “Kajian Psikoanalisis kana Novel *Sabalakana* Karya Dadan Sutisna” (Erin Irtanti, 2014). Kajian meunang Erin Irtanti ngaguar struktur carita nu ngawengku téma jeung masalah, fakta carita (alur, latar, tokoh jeung penokohan), jeung sarana sastra sarta nganalisis tokoh jeung penokohan ngaliwatan pamarekan psikoanalisis. Dina ieu panalungtikan mah anu dipaluruh téh perkara biografi pangarang ngaliwatan pamarekan sosiologi sastra anu dipatalikeun jeung fakta carita dina éta novel. Ieu panalungtikan béda jeung panalungtikan saacanna. Ku kituna, panalungtikan ngeunaan *Perspéktif Biografis Novel Sabalakana Karya Dadan Sutisna* mah can aya nu maluruh tur perlu dilaksanakeun.

1.2. Rumusan Masalah

Pangarang mangrupa hiji jalma nu miboga peran penting kana karya sastra nu diciptakeunna, pangarang mampuh nangtukeun jalan carita sarta nasib tokoh-tokoh dina karya sastra. Pangarang ogé bisa ngébréhkeun ideu tina kajadian sapopoéna atawa tina pangalaman anu tumiba ka dirina, bisa ogé nyangking ideu tina sumber bacaan sarta tina imajinasi anu mekar dina pamikiranana. Éta ideu-ideu téh gumulung dina bakal karya nu satuluyna diwujudkeun dina hiji karya sastra.

Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan sosiologi sastra. Ku sabab ambahan sosiologi sastra kawilang lega, ieu panalungtikan téh rék diwatesanan medar *sosiologi pangarang*, nu masualkeun ngeunaan galuring hirup jeung kalungguhan sosial pangarang. Lian ti éta ogé matalikeun antara dua aspék sosiologi pangarang éta jeung fakta carita dina novel *Sabalakana*.

Sakumaha anu geus didadarkeun di luhur sangkan ieu panalungtikan puguh jujutanana, rumusan masalah anu rék dipedar dina ieu panalungtikan téh moal lega teuing. Panalungtik ngarumuskeun sababaraha masalah dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha galuring hirup pangarang novel *Sabalakana*?
- 2) Kumaha kalungguhan sosial pangarang novel *Sabalakana*?
- 3) Kumaha fakta carita novel *Sabalakana*?
- 4) Kumaha kasaluyuan antara galuring hirup, kalungguhan sosial pangarang, jeung fakta carita dina novel *Sabalakana*?

1.3. Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang katut rumusan masalah nu geus diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan sacara umum sarta husus nya éta:

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan sacara umum dilaksanakeunna ieu panalungtikan téh nya éta pikeun maluruh tur ngaguar perspéktif biografis pangarang anu nyampak dina novel *Sabalakana*.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskripsikeun:

- 1) galuring hirup pangarang novel *Sabalakana*;
- 2) kalungguhan sosial pangarang novel *Sabalakana*;
- 3) fakta carita novel *Sabalakana*;
- 4) kasaluyuan antara galuring hirup, kalungguhan sosial pangarang, jeung fakta carita dina novel *Sabalakana*

1.4. Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré mangpaat sacara tioritis jeung praktis, saperti ieu di handap:

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara teoritis ieu panalungtikan miboga mangpaat nya éta pikeun ngajembaran kaweruh ngeunaan sosiologi sastra utamana perspektif biografis anu nyampak dina novel *Sabalakana*. Salian ti éta ogé pikeun kamekaran sastra Sunda anu aya dina novel.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak, nya éta:

- 1) pikeun pangarang, ieu panalungtikan baris meunang gambaran ngeunaan kamekaran, kahéngkéran, jeung kapunjulan karyana, tur ngagambarkeun biografina ngaliwatan medar karyana (novel) ku maké tilikan sosiologi sastra;
- 2) pikeun panalungtik, mangrupa *input* enggoning ngadéskripsikeun perspektif biografis.
- 3) pikeun kritikus, ngaliwatan pamarekan biografis, sabab-musabab jeung kasang tukang hiji karya bisa kaungkab ngaliwatan pribadi pangarang sastra;
- 4) pikeun paramahasiswa sastra Sunda, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun literatur pikeun nambahan pangaweruh téori jeung kritik sastra;
- 5) pikeun masarakat umum, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan babandingan sosiologi pangarang dina novel *Sabalakana*.

1.5 Sistematika Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Anapon sistematika penulisan panalungtikan ieu nya éta:

Bab I ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi dua nya éta tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu dibagi jadi dua nya éta mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis, sarta sistematika tulisan.

Bab II ngawengku tiori-tiori nu ngadadasaran panalungtikan sarta kalungguhan masalah nu ditalungtik dina widang paélmuan. Dina ulikan pustaka, tiori-tiori nu aya dibandingkeun sarta dipatalikeun jeung masalah nu keur ditalungtik. Salian ti ayana tiori-tiori nu ngadadasaran dina BAB II gé kudu aya pedaran ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung kalungguhan teoritis panalungtikan nu dilaksanakeun.

Bab III ngawengku métode panalungtikan nu diwincik deui jadi desain panalungtikan, data jeung sumber data, ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV ngawengku hasil jeung pedaran analisis data nu patali jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, katut tiori-tiori dina BAB II.

Bab V eusina ngeunaan kumaha panalungtik nafsirkeun hasil analisis panalungtikan. Kacindekan mangrupa jawaban tina daftar pertanyaan nu aya dina rumusan masalah. Saran atawa rékomendasi ditujukeun ka nu nyieun kawijakan, ka nu ngagunakeun éta hasil panalungtikan, jeung ka para panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah nu sarua minangka lajuning laku tina hasil panalungtikan.